**SUMMARY**

The article depicts an importance and peculiarities of linguocultural competence, the notion of the concept «competence». Also, the interconnection between culture and language has been theoretically analyzed. In the article the author analyzes theories of scientists about linguoculturology and as well as discusses its pedagogical significance and pedagogic possibilities. The status of foreign language learning in modern developing society, significance of improving linguocultural competence, acquiring intercultural knowledge for students in higher educational institutions in Uzbekistan have been described.

## ИНТЕЛЛЕКТ – КРЕАТИВЛИК ҚӘБИЛЕТТИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТЛИ ТИЙКАРЫ СЫПАТЫНДА

**Қ.Д.Тлеумбетова –** *психология илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мактабгача ёш, интеллект, ривожланиш, психик ривожланиш, машғулот, мантиқий фикрлаш.

**Ключевые слова:** дошкольный возраст, интеллект, развитие, психическое развитие, занятие, логическое мышление.

**Key words:** pre-school age, intellect, development, psychiatric development, lesson, logical thinking.

Бүгинги күнде мектепке шекемги билимлендириў процесинде балаға инсанийлық принциплер тийкарында тәлим-тәрбия бериў - әҳмийетли ўазыйпалардың бири есапланады. Оның тийкарын балаларды ҳәр тәреплеме раўажландырыў, олардың өзине тән өзгешелиги, жеке сыпатларын ҳәм интеллектуал имканиятларын жүзеге шығарыў, тәрбияшы менен тәрбияланыўшылар арасында тығыз қарым-қатнасларды қәлиплестириў дәўир талабы болып табылады.

Сол себепли Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёевтың 2016-жылы 29-декабрьдеги «2017-2021 жылларда Мектепке шекемги билимлендириўди және де жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-2707-санлы қарары Мектепке шекемги тәлим системасын дәўир талабына сай жаңа басқышқа көтерди. Себеби, бизиң жарқын келешегимизди даўам еттириўши жас нәрестелеримиздиң тәрбиясы ҳәм оларды мектепке таярлаў бүгинги күнимиздиң ең баслы ўазыйпасы ҳәм келешегимиздиң тийкары екенлигин және де дәлили сыпатында үлкен жумысларға баслама салды.

2017-жыл 9-сентябрь ПҚ-3261-санлы “Мектепке шекемги тәлимди түптен жетилистириў ис-илажлары ҳаққында”ғы ҳәм 2017-жыл 30-сентябрь, ПК-3305-санлы “Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги тәлим министрлигин шөлкемлестириў ҳаққында”ғы қарары мектепке шекемги тәрбия ҳәм билимлендириў системасын тез пәт пенен заман талабына сай жетилистириў, жедел раўажландырыў мектепке шекемги билимлендириў мәкемелери санын ҳәм жаңа түрлерин көбейтиў, олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў ҳәм тәмийинлеўдиң тийкары болып табылады.

Бундай ўазыйпаларды орынлаў ушын, биринши нәўбетте, тәрбияшылардың қәнигелигин асырыў ҳәм педагогикалық процестиң сыпатын жақсылаў талап етиледи. Бүгинги күнге келип мектепке шекемги билимлендириў процессинде инновациялық усыллардың кең әмелге асырылыўы балаларды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў арқалы, олардың интеллектуал пикирлеўин раўажландырыў ушын тийкар жаратпақта. Жаңаша қатнастың өзине тән педагогикалық өзгешелиги соннан ибарат, ол балаларда дәслепки көнликпе ҳәм түсиниклерди қәлиплестириў тийкарында олардың санасын, ойлаў процесиниң еле де раўажланыўына хызмет қылады.

Интеллектуал раўажланыў ҳаққында сөз етер екенбиз, биз алдын усы сөздиң мәнисине итибар беретуғын болсақ, өзбек тилиниң түсиндирме сөзлигинде «Интеллект» - (латынша intellectus - ақыл, қабыл етиў, ойлаў) Адамның пикирлеў қәбилети, ақылый раўажланғанлық дәрежеси- деп көрсетилген. «Интеллектуал» болса, (латынша intellectus – ақыл, қабыл етиў, билиў; түсиниў). Руўхый зәрүрликлер менен жасаўшы ямаса ақылый искерликтиң ең жоқары ҳәм қурамалы түрлери менен шуғылланыўшы шахс [1]-деп келтириледи.

Өзбекстан Миллий энциклопедиясында бул түсиник және де кеңейттирилип берилген: Интеллект (латынша intellectus – билиў, түсиниў, қабыл етиў) – инсанның ақылый қәбилети; турмысы, дөгерек-әтирaптағы орталықты санасында сәўлелендириўи ямаса өзгерттириўи, пикирлеў, оқып-үйрениў, дүньяны билиў ҳәм социаллық тәжирийбени қабыл қылыў қәбилети; ўақыя ҳәм ҳәдийселерди алдыннан көре алыў уқыплылығы. Интеллект қурамына қабыл етиў, есте сақлаў, пикир жүритиў, сөйлеў ҳәм т.б. психикалық процесслер киреди. Интеллекттиң раўажланыўы туўма талант, мийдиң имканиятлары, актив искерлик, турмыс тәжирийбеси сыяқлы социаллық факторларға байланыслы. Интеллект дәрежеси инсан хызметиниң нәтийжелерине, сондай-ақ, психологиялық тестлерге қарап та белгиленеди, деп түсиник берилген [2].

Демек, мектепке қәдем қойып атырған бүгинги күнниң баласынан анық билим, пикирлеў көнликпеси, жаңа билимлерди ийелеўге таярлығы, объектив дүньяға бейимлесиў көнликпеси, ўақыя ҳәм ҳәдийселерди еркин түрде анализ қылыўы менен бир қатарда оның мектепте билим алыўға жеке ерки, руўхыяты, интеллектуал ҳәм социал-психологиялық тәрептен таярлығы талап етиледи.

Мектепте билим алыўда интеллектуал таярлық: пикирлеў, салыстырыў, улыўмаластырыў, оларды топарларға бөлиў, жуўмақ шығарыў процесслериниң раўажланыўы менен байланыслы. Баланың интеллектуал таярлық дәрежесин анықлаў ушын психикалық процесстиң ажыралмас бөлеги болған есте сақлаў процесин тексериўден баслаў мүмкин. Мысалға, механикалық есте сақлаўды тексериў ушын – әпиўайы 10 сөз (алма, китап, қәлем, терек, суў, айна, жаўын, машина, самолёт, топ) айтылады ҳәм баладан бул сөзлерди қайталаўы, белгили ўақыт өткеннен кейин бул сөзлерди және бир мәрте қайталаўын усыныс етиледи.

Көрип есте-сақлаўының раўажланғанлық дәрежесин үйрениў ушын, көргенлерин ядында сақлаўы ҳәм оны сөз арқалы ямаса әмелде қоллай алыўы, сүўретлер жәрдеминде сөзлерди еслеп қалыўы ўазыйпасы бериледи: бала ҳәр бир сөз ямаса ҳәрекетке өзи түсинетуғын сүўретти салыўы керек болады ҳәм 1-1,5 саттан кейин сызған сүўретлерин қолына алып, ҳәр бир сүўрет қайсы сөз ушын сызылғанын еслейди.

Логикалық ойлаўдың раўажланыў дәрежесин анықлаў ушын кең тарқалған «Сүўретлер тийкарында гүрриңлер дузиў» методикасынан пайдаланыў мүмкин. Баланың алдына сюжетли (яғный бир ўақыяға арналған) бир неше бөлеклерден ибарат сүўретлер тәртипсиз жайып қойылады. Бала сүўретлерди дыққат пенен көрип, ўақыяның қандай раўажланатуғынлығын айтып бериўи керек. Демек, мектепке шекемги жастағы балалардың интеллекти ҳәм логикалық ойлаў процеси бул бир-бирине тығыз байланысқан процесс болып табылады.

Сонлықтан да, баланың интеллектуал раўажланыўы ушын раўажландырыўшы орталықты жүзеге келтириў тийкарында ҳәм руўхый, ҳәм физикалық жақтан жетилискен әўладты тәрбиялаў жәмийетлик турмыстағы барлық тараўлардың жоқары дәрежеде

раўажланыўына алып келеди. Мине усындай раўажландырыўшы орталықты жүзеге келтириў ушын ең дәслеп баланың руўхый жағдайы, интеллектуал дәрежеси ҳәм имканиятларын дурыс баҳалай алыў үлкен әҳмийетке ийе.

Мектепке шекемги билимлендириў процесин раўажландырыўға бағдарланған методикалық исленбелердиң түрлери көбейе баслады. Буның нәтийжесинде болса мектепке шекемги билимлендириў процесин раўажландырыўшы тәлим теориясы ен жайдырыла баслады. Усы теориялар ишинде төмендеги бағдарлар биринши дәрежели әҳмийетке ийе бола баслады:

- билимлендириўдиң креативлиги ҳәм көп функциялылыққа таянған ҳалда зейинли ҳәм уқыплы балаларды жүзеге шығарыў;

- балаларды тәрбиялаўға бағдарланған орталықты жүзеге шығарыў нәтийжесинде оны шахс сыпатында қәлиплесиўине имкан жаратыў;

- балалардың интеллектуал пикирлеўин асырыўға көмеклесетуғын педагогикалық ҳәм психологиялық орталықты жаратыў;

- мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде балалардың интеллектуал уқыплылығын раўажландырыў имканиятларын асырыў ҳәм т.б.

Демек, баланың физикалық тәрептен раўажланыўы сыяқлы ақылый интеллектуал раўажланыўы да оның жас дәўирлери менен байланыслы болады. Буған мысал ретинде Швейцариялы психолог Ж.Пиаже баланың ақылына ҳәм қабыл етиўине тән болған өзгешеликлерине қарай [3]:

1) сенсомотор интеллекти (0-2 жасқа шекем);

2) операциялардан алдын ойлаў дәўири (2-7 жасқа шекем);

3) анық операциялар дәўири (7-12 жасқа шекем);

4) расмий операциялар дәўири деп ажыратады.

Ж.Пиаже балалардың интеллектуал раўажланыўын олардың биологиялық раўажланыў дәўирлерине қарай олардың психикалық процесслериниң раўажланыў өзгешеликлерин дәлиллеген болса, белгили рус психологи Л.С.Выготский өзиниң «Мәдений-тарийхый концепциясы»нда: «… Раўажланыўдың ең жақын зонасы — баланың раўажланыўының ҳәзирги ўақыттағы дәрежеси менен келешекте ерисиўи мүмкин болған салыстырмалы дәрежеси ортасындағы ўақтыншалық аралықтан ибарат. Бул зонаға жетилиспеген, бирақ жетилисиўи процесиндеги функциялар киреди. Баланың актуал раўажланыў дәрежеси оның бүгинги күндеги раўажланыў дәрежесин, баланың раўажланыўының ең жақын зонасы ертенги күнде бала өзиниң раўажланыўына ерисиўи мүмкин болған раўажланыў дәрежесин көрсетеди. Раўажланыўдың ең жақын зонасын бала үлкенлер жәрдеми менен орынлай алатуғын тапсырмалар дәрежесин белгилейди. Егер бала өзи ушын қыйын болған жағдайды үлкен адам жәрдеминде орынлай алса, бул тапсырма баланың раўажланыўының ең жақын зонасына жайласқан болады» [4]- деп келтирип өтеди.

Л.С.Выготскийдиң пикиринше, психикалық процесслердиң раўажланыўын ҳәрекетке келтириўши күш – бул тәлим. Тәлим психикалық раўажланыўды өзиниң изинен тартады ҳәм оны тезлестиреди – деп келтиреди.

Демек, баланың психологиялық жақтан раўажланыўында тәлим ҳәм тәрбияның роли бир-бири менен тығыз байланысқан. Л.С.Выготский «…тәлим-тәрбияны жетелейди!»-деген пикирди билдиреди.

Сонлықтан да, балалық дәўириниң ҳәр бир басқышында оның өзине тән нызамлылықларын билген ҳалда олардың ақылый, интеллектуал ҳәм логикалық пикирлеў қәбилетлерин раўажландырыўға бағдарланған тәлим-тәрбия бериў мақсетке муўапық болады.

Мысалы, ерте балалық дәўириниң дәслепки басқышларында, балада биринши ойлаў операциялары жүзеге келеди, олар интеллектуал тәрептен раўажлана баслайды. Бунда бала қандай да бир предметти алыўға ҳәрекет етип, соңынан оны изертлеп көриўи мүмкин. Бул дәўирде олардың ойлаў процеси, тийкарынан, көргизбели- образлы болып, ол әтирап-дөгеректеги түрли буйымлардың бир-бири менен байланысын үйрениўге хызмет қылады.

Мектепке шекемги жастағы балалардың зәрүрликлери ҳәм қызығыўлары тез артып барады. Бул болса өз гезегинде ,олардың кеңирек шеңберге шығыўға мүтәжлиги, қарым-қатнасқа кирисиўи, өзин аңлаўы, ойын арқалы өз зәрүрликлерин қандыра алыўы, яғный балалар сюжетли-ролли ойынларда адамлар арасындағы қарым-қатнасты сәўлелендирип, өзлериниң бар уқыплылықларын көрсетиўге ҳәрекет етеди. Бул зәрүрликлер болса, баланың интеллектуал раўажланыўына түртки болатуғын тийкарғы факторлардың бири болып есапланады.

Ҳәммемизге белгили, баланың жасы үлкейген сайын, еркин ҳәрекетленип, оның әтираптағы нәрсе ҳәм ҳәдийселерге де дүнья қарасы кеңейип барады.

Мектепке шекемги билимлендириў процесинде балалардың интеллектуал раўажланыўына сүўретлеў искерлиги де үлкен әҳмийетке ийе. Баланың сызған сүўретине қарай отырып, оның әтирап-дөгеректи қандай қабыл етиўи, есте сақлаўы, көз алдына келтириўи ҳәм ойлаў өзгешеликерине баҳа бериўге болады. Балалардың сызған сүўретлери олардың ишки сезимлерин, руўхый жағдайын, әрманын ҳәм зәрүрликлерин сәўлелендиреди.

Демек, мектепке шекемги жастағы балалар өзлери ушын әҳмийетли болған, оларда күшли тәсирлениўлер қалдырған ҳәм қызықтырған нәрселерин жақсы еслеринде сақлап қалады. Бул дәўирде түрли сораўлардың көбейиўи ҳәм қызығыўшылығының артыўы, олардың ойлаў процесиниң раўажланып атырғанлығынан дерек береди. Бала өзиниң берген сораўларына жуўап ала алмаса, ямаса үлкенлер олардың сораўларына итибар бермесе, олардың қызығыўшылықлары сөне баслайды.

Жуўмақластырып айтқанымызда, мектепке шекемги жастағы балалардың интеллектуал раўажланыўы төмендегише көриниске ийе болады:

- Интеллектуал раўажланыўдың дәслепки әҳмийетли дәўири – бул 3-4 жас аралығында әмелге асады, яғный бул дәўирде бала өз-өзин аңлап дөгерек әтирап пенен қарым-қатнасқа кирисе баслайды;

- Екинши баскыш 4-5 жас аралығында болып өтеди. Бул дәўирде бала әдеп-икрам нормаларын ийелей баслайды ҳәм өз-өзин басқарыў көнликпесине ийе болады;

- Интеллектуал раўажланыўдың үшинши басқышы болса, балаларда жеке дөретиўшилик өзгешеликлериниң қәлиплесиўи болып табылады.

Демек, интеллектуал раўажланыўдың әхмийетли белгилеринен бири – оның ақылый раўажланыў көрсеткишлери менен билим дәрежеси болып табылады. Көбинесе ақылый таярлық дегенимизде, баланың белгили дүнья қарасы, жанлы ҳәм жансыз тәбият ҳаққында түсиниги, инсанлар ҳәм олардың мийнетлери ҳаққындағы билимлери түсиниледи. Бул билимлер баланың мектепке билим алыўы ушын тийкар болады. Бирақ баланың көп сөйлегени, белгили ҳәрекетлерди орынлай алыў уқыбы оның мектепке ақылый таярлығы дәрежесиниң көрсеткиши бола алмайды. Мектепте билим алыў- баланың салыстырыўы, анализ-синтез қылыўы, улыўмаластыра алыўы, жуўмақ шығара алыўы, сондай-ақ билиў процесслериниң жетерли дәрежеде раўажланғанлығын талап етеди.

Сонлықтан да, балалардың интеллектуал раўажланыўы тәрбияшылар ҳәм ата-аналар тәрепинен дурыс баҳаланыўы ҳәм белгилениўи керек. Тәрбияшы ҳәр

дайым баланың интеллектуал раўажланыўы ушын зәрүр дәрежеде жәрдем көрсетиўи ҳәм шараятлар жаратыўы керек. Бунын ушын мектепке шекемги билимлендириў мәкемелери тәрбияланыўшыларын ҳәр тәреплеме педагогикалық қоллап-қуўатлаў арқалы оларды интеллектуал раўажландырыў процесиниң мазмуны, басқышлары, техникасы ҳәм методларын таңлаў - бул теориялық ҳәм әмелий тәрептен тийкарланған ҳалда раўажланыўдың нәтийжелилигин анықлаўдан ибарат болады.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбек тилининг изоҳли луғати.
2. Ўзбекистон Миллий энциклопедияси.
3. www. psihologu.ru. Учение Ж.Пиаже об интеллектуальном развитии ребенка.
4. www. psychologos.ru: Культурно-историческая теория Л.С.Выготского.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада мактабгача ёшдаги болаларнинг интеллектуал ривожланиш хусусиятлари ва даражалари, мактабгача таълим муассасаларидаги машғулотларда болаларнинг ақлий, интеллектуал ва мантиқий фикрлаш қобилиятларини ривожлантириш натижалилиги ҳақида ёзилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются особенности интеллектуального развития детей дошкольного возраста, а также развитие умственного, интеллектуального и логического мышления у детей на занятиях в детском саду.

**SUMMARY**

The article is about the peculiarities of intellectual development of pre-school children, the results of children's development of mental, intellectual and logical thinking skills in pre-school classes.


## ТАЛАБАЛАР МАТЕМАТИК ИҚТИДОРИНИНГ РИВОЖЛАНИШИНИ ТАЪМИНЛОВЧИ ПЕДАГОГИК ТЕХНОЛОГИЯЛАР


**Г.С.Тлеубаева** - *ассистент ўқитувчи*

*Мухаммад ал-Хоразмий номидаги ТАТУ Нукус филиали*



**Таянч сўзлар:** математика, қобилият, иқтидор, интеллект, креативлик, мотивация, ижодкорлик, педагогик ва ахборот технологиялар.

**Ключевые слова**: математика, умение, талант, интеллект, креативность, мотивация, педагогика и информационные технологии.

**Key words:** mathematics, ability, talent, intellect, creativity, motivation, pedagogy and information technologies.


Мамлакатимиз таълим тизимида рўй бераётган улкан ўзгаришлар иқтидорли ёшларга бўлган муносабатни ҳам тубдан ўзгартирди. Биринчи Президентимиз И.А.Каримов: «Истеъдодли ва иқтидорли ёшларни излаб топиш, уларни қўллаб-қувватлаш ҳамда уларнинг қобилиятларини ривожлантириш учун барча шарт-шароитлар яратишнинг Республика тизимини ишлаб чиқиш керак» - деб таъкидлаганлар [1].

Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш.М.Мирзиёев мамлакатимизни 2016 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг асосий якунлари ва 2017 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг кенгайтирилган мажлисидаги маърузасида – «тажрибали педагог ва мутахассисларни жалб этган ҳолда, ўқув режа ва дастурларни тубдан қайта кўриб чиқиш зарур. Олдимизда ёшларга тарбия бериш, психология ва бошқа турли соҳаларда кадрларни тайёрлаш ва қайта тайёрлаш бўйича мураккаб вазифалар турибди»-деб таъкидлаб ўтдилар [2].

Шунинг учун ҳам умумий ўрта таълим мактаблари, ўрта махсус, касб-ҳунари таълимининг ва олий таълимда таълим олаётган иқтидорли таълим олувчиларни мақсадли тайёрлаш ва уларнинг ноёб истеъдодини руёбга чиқариш жараёнида замонавий педагогик ва ахборот-коммуникацион технологияларни жорий этиш зарурати пайдо бўлди.

Педагогика ва психология фанларининг долзарб вазифаларидан бири қобилият ва иқтидор табиятини аниқлаш, инсонларнинг интеллектуал ривожланишининг тамойилларини ва қонуниятларини очиб беришдан иборат.

Иқтидор мавзусига оид анчагина назарий ва амалий манбалар тўпланган, масалан А.Н.Колмогоров, В.А.Крутецкий, Т.У.Ўтапов, Э.Ғозиев, Ж.Икромов, Н.Р.Ғайбуллаев, Д.Гилфорд, Дж.Рензулли, С.Л.Рубенштейн ва бошқалар. Бу олимларнинг фикрича, иқтидорнинг махсус турларидан ташқари, юқори даражали қобиляитлар сифатида тушуниладиган умумий ақлий иқтидор ҳам мавжуд. Иқтидор тушунчаси ҳозирги вақтда ўзида юқори интеллект, креативлик, эмоционал ва эркли хусусиятлар, мотивация каби хусусиятларни акс эттирувчи мураккаб психологик ҳолат деб қаралади.

Ҳозирги кунда иқтидорни ривожлантириш хусусиятлари фаол ўрганилмоқда, иқтидор турлари ва структураси тадқиқ қилинмоқда.

Баъзи тадқиқотларда интеллектуал ривожининг юқори даражаси ва креативлик ақлий иқтидорнинг компонентаси сифатида ўз аксини топган. Лекин креативлик – бу юқори интеллект даражаси эмас. Креативлик – қуйидаги таркибий қисмлардан ташкил топган жараён: муаммони сезмоқ, ўз билимларининг қониқарсиз ва етарли эмаслигини ҳис этиш, етишмайдиган элементларни олдиндан сезиш, муаммони тушуниш, ечимларини қидириш, гипотезалар қуриш ва бу гипотезаларни текшириш ҳамда натижаларини маълум қилиш. Кўпчилик тадқиқотлар кўрсатадики, (IQ) интеллект баҳоси интеллектнинг ижодий қобилиятлари ҳақида ҳукм чиқаришга имкон бермайди. Ижодкорлик – ақл омбори, ақлий жараёнларнинг муҳим сифати, тасаввур ва интуиция. Яна шу фактни ҳам рад этиш мумкин эмаски, ижодкорлик ва интеллект бир-биридан ажралган ҳолда мавжуд бўла олмайди, негаки юқори интеллект даражаси креативликни вужудга келишини таъминлай олмайди.

Б.М.Теплов қобилиятлар ва иқтидорга аҳамият бериб, шуни таъкидлайдики, иқтидор ҳақидаги изланишларни айнан қобилиятлардан бошлаш лозим. Қобилият сифатида қуйидагиларни тушунишни таклиф этади:

а) бир инсонни бошқасидан ажратадиган индивидуал-психологик қобилиятлар;

б) фаолиятнинг самарасини белгилайдиган қобилиятлар;

в) орттирилган билим, кўникма ва малакаларга боғлиқ бўлмаган, лекин уларнинг тез ва осонлик билан эгалланишини ва орттирилишини белгиловчи хусусиятлар [5].

Доимо математиклар ўрганиладиган муаммоларни имкони борича геометрик нуқтаи-назардан аниқ тасаввур қилишга ҳаракат қиладилар. Фазовий геометрик масалаларни ечишда турли кесимларни чизмада аниқ кўрсатиш имкони бўлмайди, бундай ҳолларда ҳосил